

LEKÒL PIBLIK NEWARK YO
AKÒ KI GEN RAPÒ AK POSESYON APARÈY PÈSONÈL KI KONEKTE AK ENTÈNÈT

Non Elèv la _____ Klas _____

Non Paran/Responsab Legal _____ Telefòn Paran an _____

Mak/Modèl Aparèy Ki Konekte ak Entènèt la _____

Nimewo Seri/Idantifikasyon _____

Nimewo Aparèy Ki Konekte ak Entènèt la _____

Moun ki siyen anba a dakò pou defann, dedomaje Konsèy Edikasyon Newark la ("Konsèy la"), ansanm ak ofisye li yo, ajan li yo, anplwaye li yo ak benevòl li yo, epi li dakò pou l pa rann yo responsab pou okenn pèt, frè ak depans ki rive akòz nenpòt reklamasyon responsablite pou blesi pèsonèl oswa domaj materyèl (ki gen ladan domaj ekipman/pwopriyete ki endike anwo a, oswa nenpòt lòt pèt, ki sibi oswa ki swadizan te sibi, ki rive akòz oswa ki lye nan nenpòt fason an ak ekipman/pwopriyete ki endike anwo a).

Konsèy la pa pran okenn responsablite pou okenn ekipman yo pote nan lokal li yo. Avèk siyati ki sou fòm sa a, moun ki siyen an sètifye li pral pran tout responsablite finansye nan ka domaj oswa vòl ekipman sa a.

Mwen te li epi konprann règleman Konsèy la sou Posesyon Aparèy Pèsonèl Elèv Yo Ki Konekte ak Entènèt. Mwen dakò aparèy ki konekte a entènèt la dwe rete etenn (pa sèlman sou silans oswa sou mòd "vibrasyon") epi dwe pa vizib pandan tout tan pandan jounen lekòl la, nan lokal lekòl la, oswa pandan aktivite lekòl yo.

Mwen konprann tou:

- (i) vyolasyon règleman sa a ap sibi sanksyon ki koresponn ak yon ofans Nivo I rive Nivo III an akò avèk Plan ak Règleman Disiplin Distri Lekòl la.
- (ii) Si yon elèv itilize yon aparèy ki konekte ak entènèt (oswa nenpòt nan konpozan li yo) pou fasilite komisyon yon zak kriminel oswa pou lakòz blesi oswa domaj sou moun oswa pwopriyete, vyolasyon sa a pral konsidere kòm yon ofans Nivo IV epi yo pral rapòte elèv la bay lapolis.
- (iii) Yo kapab konfiske aparèy elèv la ki konekte ak entènèt la, yo ka kontakte paran/responsab legal elèv la pou rekipere aparèy ki konekte ak entènèt la, epi yo ka sispann oswa revoke privilèj pou pote yon aparèy ki konekte ak entènèt.
- (iv) distri a pa pran okenn responsablite pou okenn pèt oswa domaj aparèy la.
- (v) Yo ka trete kòm pwopriyete abandone aparèy ki konekte ak entènèt yo pa reklame pou plis pase 30 jou.

Siyati Elèv la

Dat

Siyati Paran/Responsab Legal la

Dat

Siyati Administratè a

Dat